

# Konnen Dwa ou yo

## Deklarasyon Dwa Pwopriyetè Kay genyen Konsènan Reklamasyon Asirans



Jan li endike nan s. 627.7142, Lwa Florida, Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyetè Kay la gen rapò ak pwosesis reklamasyon asirans lan, epi li deklari dwa ak responsablite ou kòm yon moun ki gen asirans pwopriyetè kay.

### DWA OU YO\*

#### An rezime, selon Deklarasyon Dwa pou Reklamasyon Pwopriyetè Kay la:

- 1) Konpayi asirans ou a dwe voye yon lèt pou rekonèt yo te resevwa reklamasyon asirans ou an nan 14 jou oswa pi piti apre ou soumèt reklamasyon an.
- 2) Nan 30 jou apre ou te soumèt yon deklarasyon konplè ki pwouve pèt ou a, si yo mande sa alekri, konpayi asirans ou a dwe voye konfimasyon ba ou ki di reklamasyon ou a garanti pou tout montan an; garanti pou yon pati nan montan an sèlman; yo refize li; oswa y ap mennen yon ankèt sou li.
- 3) Nan yon delè 30 jou, ou dwe resevwa tout peman an nèt; peman ak pati yo pa konteste nan reklamasyon ou a; oswa yon refi alekri reklamasyon ou an. Tanpri sonje, si gen doub enterè nan reklamasyon an, sa vle di konpayi ipotèk ou a ka yon pati, yo soumèt peman an bay toude pati yo.
- 4) Ou ka kalifye pou patisipe nan yon medyasyon gratis pou rezoud reklamasyon ou yo konteste a, pou fè sa kontakte Depatman Sèvis Finans nan Florida, Divizyon Sèvis Konsomatè.
- 5) Ou ka kalifye pou patisipe nan yon Evalyasyon San Patipri gratis pou rezoud reklamasyon ou yo konteste a si reklamasyon ou an se yon twou pwofon yo konn rele 'gouf' (sinkhole) ki lakòz li epi kontra asirans ou a garanti li.



[www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers](http://www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers)

## RESPONSABLITE OU YO

#### An rezime, konfòmman ak Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyetè Kay la, ou gen responsablite sa yo kòm yon moun ki gen asirans pwopriyetè kay.

- 1) Kontakte konpayi asirans ou anvan ou siyen nenpòt kontra pou reparasyon pou asire ou konfòme ak dispozisyon konsènan reparasyon ki nan kontra asirans la.
- 2) Fè epi dokimante reparasyon ijans ki nesèsè pou anpeche plis domaj. Kenbe pwopriyete ki domaje a, si sa posib; kenbe tout resi yo; epi pran foto domaj yo anvan ak apre nenpòt reparasyon.
- 3) Li avèk atansyon nenpòt kontra ki egzije pou ou peye lajan nan pòch ou oswa yon frè ki baze sou yon pousantaj montan asirans ou pral resevwa pou repare oswa ranplase pwopriyete w la.
- 4) Konfime si antreprenè ou chwazi a gen lisans pou fè aktivite komèsyal nan Florida. Pou verifye lisans yon antreprenè epi tcheke pou wè si gen nenpòt plent kont li, rele Depatman Kontwòl Biznis ak Pwofesyonèl Florida a. Ou dwe mande antreprenè a pou li ba ou referans travay li te fè deja tou.
- 5) Mande tout kontraktè pou yo bay prèv asirans anvan yo kòmanse reparasyon yo.
- 6) Pran prekosyon si domaj la mande pou ou kite kay ou, tankou fèmen pwopriyete a byen fèmen ak etenn gaz, dlo, elektrisite, epi kontakte konpayi asirans ou pou bay yon nimewo telefòn kote yo ka kontakte ou.

\* Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyetè kay la pa reprezante tout dwa ou genyen anba Lwa Florida konsènan kontra asirans ou a. Genyen eksepsyon nan delè yo lè konpayi asirans lan pa ka kontwole evènman yo.

Deklarasyon Dwa Reklamasyon Pwopriyetè Kay la pa kreye yon kòz aksyon sivil yon grenn moun oswa yon gwoup ki gen asirans fè kont yon konpayi asirans epi li pa entèdi yon konpayi asirans egzèsè dwa li pou repare pwopriyete ki domaje selon kondisyon yo ki nan kontra asirans la.

Pou jwenn asistans avèk nenpòt reklamasyon asirans oswa kesyon ki gen rapò ak reklamasyon w lan, kontakte Depatman Sèvis Finans Florida, Divizyon Sèvis Konsomatè:

**Nimewo telefòn gratis pou moun ki gen asirans  
1-877-MY-FL-CFO (1-877-693-5236)**

[www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers](http://www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers)

DESANM 2018